



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV ELAJI POU REZOUZ SITIYASYON
SANZABRI NAN LARI**

Jan sa te anonse pandan [Diskou sou Sitiyasyon Eta a](#) Gouvènè a, Eta pral deplwaye nouvo ekip sansibilizasyon "Safe Options Support" (SOS) — yo te pibliye RFP jodi a

Apati semèn pwochèn, pwofesyonèl sante konpòtmantal ke eta deja finanse pral deplwaye nan sistèm tren an pou ede adrese bezwen imedya yo

OMH pral ogmante pou li invest 21 milyon dola chak ane pou 20 ekip SOS k ap fè sansibilizasyon ak livrezon sèvis nan lari Vil New York yo ak nan Metwo a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inisyativ elaji pou abòde sitiyasyon sanzabri epi ede bay sèvis sansibilizasyon entansif, angajman, ak kowòdinasyon swen nan lari ak nan metwo nan vil New York, epi li te anonse lansman yon [Demann pou Pwopozisyon](#) (Request for Proposals, RFP) pou òganizasyon san bi likratif pou opere "[ekip Sipò pou Opsyon Sekirite](#)" (Safe Options Support, SOS) espesyalize ki fòme ak travayè sansibilizasyon dirèk yo ansanm ak klinisyen yo pou ede plis Nouyòkè soti nan lari epi antre nanabri ak/oswa lojman. Yo te anonse inisyativ sa nan kòmansman mwa sa a nan dat 5 janvyè kòm yon pati nan [pwopozisyon sou Sitiyasyon Eta a](#) Gouvènè a pou konbat sitiyasyon sanzabri ak elaji aksè ak lojman pou Nouyòkè ki nan bezwen yo, epi nan dat 6 janvyè, Gouvènè Hochul te mete aksan sou inisyativ sa yo ak kowòdinasyon Vil la avèk Majistra Vil New York la Eric Adams.

"Lè nou travay ak patnè nou yo nan Vil New York, n ap pran mezi pou ede rann lari ak metwo nou yo vin pi an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Twòp Nouyòkè ap dòmi nan lari nou yo ak nan metwo nou yo - yo bezwen resous ak sipò pou yo retounen sou pye yo. Lè nou deplwaye pwofesyonèl sansibilizasyon yo nan zòn ki sible yo, n ap ede amelyore sekirite epi asire Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo jwenn sipò yo bezwen an."

Pou ofri asistans imedyat ak elaji bay Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri nan sistèm tren an, Eta a pral deplwaye apeprè 20 anplwaye piblik, anplwaye founisè san bi likratif kontratyèl ak volontè nan sistèm tren an nan yon semèn. Gwoup sa a pral gen ladann pwofesyonèl sante konpòtmantal ki pral konekte Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri ak sèvis enpòtan yo ansanm akabri. Eta a pral kowòdone sere ak

Vil New York ak MTA pou deplwaye pwofesyonèl sa yo nan zòn ki gen plis bezwen yo imedyata ak bezwen ki plis grav yo epi li pral kontinyèlman evalye si yo bezwen ajiste deplwaman yo selon bezwen yo.

Anplis de sa, jodi a Biwo Sante Mantal Eta a te pibliye yon [RFP](#) ki envite òganizasyon san bi likratif ki elijib yo pou yo soumèt aplikasyon pou kreye ak aplike ekip SOS Gouvènè Hochul yo, ki pral non sèlman ap fè sansibilizasyon dirèk fas-a-fas ak Nouyòkè ki fè fas ak sitiyasyon sanzabri, men li pral gen ladan tou klinisyen, enfimye, travayè sosyal, ak espesyalis sante konpòtmantal nan lari ak nan metwo yo, yon fason pou brize enpas ki fè referans ak lari a, epi pou Nouyòkè ki nan bezwen yo ka jwenn yon seri sèvis konplè ki enpòtan ak nesèsè imedyatman. An total, OMH ap chèche deplwaye jiska 20 ekip SOS ane sa a, ki gen ladan 4 ekip nan Vil New York nan kòmansman prentan an, 8 ekip anplis nan Vil New York nan ete a, ak 8 ekip final yo nan rejyon ki gen gwo bezwen yo atravè tout eta a nan fen ane a, envesti 11 milyon dola nan Ane Fiskal 2023 epi ogmante jiska 21 milyon dola chak ane pou ane k ap vini yo.

Ekip SOS yo pral elaji anpil kouvèti ak kapasite epi yo pral travay kole ak Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services) Vil New York la pou asire ke gen yon kouvèti konplè epi ki pi laj nan disponiblite sèvis yo. Lè yo mete klinisyen yo nan ekip yo, yo pral rasyonnalize referans pou sèvis yo. Anplis de sa, rekòmandasyon yo pral kowòdone atravè SOS Referral Hub, an kolaborasyon ak plizyè ajans Vil la ak Eta a, pou asire koneksyon rapid epi pou anpeche nenpòt repetisyon sèvis. Plizyè antite kapab fè referans endividyèl, ki gen ladan men pa sèlman, ekip sansibilizasyon yo, lopital yo, fanmi ak moun k ap bay swen yo, founisè kominotè yo, lapolis ak MTA a.

Pou amelyore kolaborasyon ak kowòdinasyon ant gouvènman Eta a ak gouvènman Vil la, Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te anonse ke ekip SOS yo pral konplete pa yon kolaborasyon fòmasyon nan tout vil la ki pral enkli MTA, NYPD, Depatman Sanzabri Vil New York, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) NYS, Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) NYS, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) NYS, ak lòt antite konsène enpòtan yo, ki pral asire yon repons kolaboratif ak inivèsèl pou kriz sanzabri a.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Ekip SOS yo pral sèvi ak pratik ki baze sou prèv ki pwouve yo ede moun ki gen plis risk e souvan ki pi difisil pou atenn yo. Lè nou travay kole ak ajans ak ofisyèl Vil New York yo, n ap kapab pi byen idantifye moun ki pi bezwen asistans nou yo epi fè yo ale nan lari a pou antre nan yon lojman ki an sekirite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Kounye a, adrese bezwen moun ki gen pwoblèm sante mantal ak sitiyasyon sanzabri nan sistèm nou an espesyalman ijan pou yo—e egalman enpòtan pou pasajè nou yo. Nou akeyi aksyon rapid gouvènè a pou ede atake pwoblèm kwonik vil nou an ap fè fas a."

Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare, "Sitiyasyon sanzabri se yon defi nan tout peyi a ki mande yon repons tout men nan pat la ki ka reyalize sèlman atravè kolaborasyon atravè tout nivo nan gouvènman an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou nouvo inisyativ sa a ki konsantre sou rive jwenn ak sipòte sitwayen Nouyòkè yo k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri, epi nou pa ka tann pou n bati sou patenarya nou an pou idantifye nouvo fason ki gen konpasyon pou nou ka ede kèk nan rezidan vil nou yo ki pi vilnerab retounen sou pye yo."

Gouvènè Hochul fè devlopman yon sistèm kriz sante konpòtmantal konplè nan Eta New York vin youn nan pi gwo priyorite administrasyon li a, ak yon konsantrasyon espesifik sou abòde bezwen konplèks popilasyon ki sanzabri nan lari New York la.

Anplis Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo, sistèm konplè sa a gen ladan nouvo sant pou estabilizasyon kriz, pwogram rezidansyèl kont kriz, ekip kriz mobil adisyonèl, yon Liy Dirèk pou Kriz ki se 988, kowòdinasyon amelyore ant fòs lòd yo ak pwogram ijans sikyatrik konplè, ak lòt sèvis entansif pou granmoun, timoun, ak fanmi k ap fè fas ak yon kriz sante konpòtmantal. Anplis de sa, Gouvènè a deja pwopoze yon ekstansyon ak ekspansyon Lwa Kendra a, ki pral ranfòse repons Eta a ak Vil la bay moun ki gen maladi mantal grav ki gen istwa konpòtman vyolan pou tèt yo oswa pou lòt moun.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)